

# SA OU DWE KONNEN

# Maladi Lejyonè

Maladi lejyonè se yon kalite nemoni. Moun pran maladi sa a akòz bakteri, epi **yon moun pa kapab transmèt li ba yon lòt moun.**

**Maladi a trete fasil avèk antibyotik,**  
epi pifò moun refè lè yo swiv tretman bonè.

**Moun pran maladi a lè yo respire vapè dlo ki gen bakteri** (pa egzanp, ti goutlèt kontamine ki soti nan gwo enstalasyon pou refwadisman). È-kondisyone nan fenèt PA yon risk.

**Pou pi arisk si ou gen laj 50 tan oswa plis** (sitou si ou fimen), si ou gen maladi poumon kwonik, si ou gen sistèm defans kò ou ki febli oswa si w ap pran medikaman ki afebli sistèm defans kò ou.

**Pa rete tann! Jwenn èd touswit si ou santi ou malad.**

- Si ou gen lafyèv, latranblad, doulè miskilè oswa tous, chèche atansyon medikal touswit.
- Sa enpòtan sitou si ou gen yon pwoblèm medikal ki afekte respirasyon ou oswa si ou se yon moun ki fimen.
- Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen ou konsène pou maladi Lejyonè. Pwofesyonèl swen sante ou ka fè kèk tès pou ou pou li konnen si ou arisk avèk maladi Lejyonè oswa avèk yon enfeksyon diferan.

Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb [nyc.gov/health/legionnaires](https://nyc.gov/health/legionnaires)

**NYC**  
Health